दिन–बुधवार  दिनांक–10.06.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ  अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ भारतक सभ सँ पैघ काल धरि सेवा करयवला निर्वाचित प्रधानमंत्री बनि गेलाह। श्री मोदी छब्बीस मई दू हजार चौदह के प्रधानमंत्री पदक शपथ लेने छलाह। प्रधानमंत्री मोदीक निरंतर कार्यकाल आब चारि हजार तीन सय निन्यानबे दिनक भऽ गेल अछि, जे एक कीर्तिमान बनि गेल अछि।

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मु नरेन्द्र मोदी के देशक सभ सँ पैघ काल धरिक निर्वाचित प्रधानमंत्री भेला पर बधाई देलनि अछि। सोशल मीडिया पोस्ट मे राष्ट्रपति कहलनि जे ई ऐतिहासिक अवसर देशक जनताक हुनक नेतृत्व मे अटूट विश्वास आ भरोसाक प्रमाण अछि।

उपराष्ट्रपति सी.पी. राधाकृष्णन सोशल मीडिया पोस्ट मे कहलनि अछि जे प्रधानमंत्रीक दूरदर्शी नेतृत्व मे भारत आर्थिक विकास, अवसंरचना विस्तार, सामाजिक सशक्तिकरण, तकनीकी उन्नति आ वैश्विक स्तर पर भारतक प्रतिष्ठा मे वृद्धि के लऽकऽ उल्लेखनीय प्रगति देखलक अछि। केंद्रीय गृहमंत्री अमित शाह, विदेश मंत्री डॉ सुब्रह्मण्यम जयशंकर, वाणिज्य आ उद्योग मंत्री पीयूष गोयल, वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन आ कृषि तथा किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान समेत आनो केंद्रीय मंत्री नरेन्द्र मोदी के देशक सभ सँ पैध काल धरिक लगातार निर्वाचित प्रधानमंत्री बनल रहला पर बधाई देलनि अछि।

केंद्रीय मंत्रिमंडल आइ एक प्रस्ताव पारित कऽ प्रधानमंत्री के लगातार दू कार्यकाल धरि सभ सँ पैघ अवधिक निर्वाचित प्रधानमंत्री बनल रहला पर बधाई देलक अछि। बैसारक बाद सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि जे मंत्रिमंडलक सदस्य लोकनि प्रधानमंत्री मोदीक प्रति सम्मान व्यक्त कयलनि।

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नवीन कहलनि जे प्रधानमंत्री मोदी समाजक प्रत्येक वर्गक कल्याण आ विकासक लेल काज कयलनि अछि।

---

एम्हर, प्रदेशक मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी नरेंद्र मोदी के भारतक सभ सँ पैघ काल धरि प्रधानमंत्री रहबा पर बधाई देलनि। प्रधानमंत्री के लिखल पत्र में श्री चौधरी कहलनि जे हुनक कार्यकाल मे भारतक संग–संग बिहार सेहो नव ऊंचाइ के छूने अछि। एम्हर, जनता दल यूनाइटेडक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ पूर्व मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो प्रधानमंत्री के एहि उपलब्धिक वास्ते अपन बधाई आ शुभकामना देलनि।

————————————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ राज्यक चौरानवे लाख सँ बेसी सामाजिक सुरक्षा पेंशनधारी लोकनिक खाता मे करीब एगारह सय करोड़ टाकाक राशि हस्तांतरित कयलनि। श्री चौधरी आइ नव दिल्ली स्थित बिहार भवन सँ वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सँ आयोजित कार्यक्रम सँ डायरेक्ट बेनिफिट ट्रांसफर, डीबीटीक अंतर्गत ई राशि अंतरित कयलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे आब प्रत्येक मासक दस तारीख के सामाजिक सुरक्षा पेंशनक राशि लाभुक लोकनिक खाता मे पठा देल जायत।

————————————————————————————————

राजस्व महाअभियानक अंतर्गत प्राप्त आवेदनक निष्पादन लेल राजस्व आ भूमि सुधार विभाग काल्हि सँ विशेष शिविरक आयोजन करऽ जा रहल अछि। विभागीय मंत्री दिलीप कुमार जायसवाल जनौलनि जे ई शिविर सभ हलका मे सत्रह जून धरि आयोजित कयल जायत।

————————————————————————————————

विशेष निगरानी इकाई बहुचर्चित टेंडर घोटाला मे भवन निर्माण विभागक पूर्व मुख्य अभियंता तारिणी दास, वित्त विभागक पूर्व संयुक्त सचिव मुमुक्षु चौधरी आ बुडकोक कार्यपालक अभियंता उमेश कुमार सिंह के गिरफ्तार कयलक अछि। हिनका लोकनि लऽग पछिला दिन एगारह करोड़ तिरेपन लाख सँ बेसी राशि जब्त कयल गेल छल।

————————————————————————————————

मौसम विभाग आइ प्रदेशक अधिकांश क्षेत्र मे वर्षा हेबाक पूर्वानुमान व्यक्त कयलक अछि। एहि क्रम मे अररिया, कटिहार, किशनगंज, पूर्णिया, सुपौल, मधेपुरा आ सहरसा जिला मे कतेको स्थान पर भारी वर्षा के लऽकऽ चेतावनी जारी कयल गेल अछि। संगहि पचास सँ साठि किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ तेज हवा चलबाक सेहो पूर्वानुमान अछि।

————————————————————————————————

दरभंगा जिलाक किरतपुर प्रखंड में कोसी नदी मे एक नाव के उनटि गेला सँ एक महिलाक मृत्यु भऽ गेलनि जखनकि दू आन गोटे के खोज कयल जा रहल अछि। सात गोटे के सुरक्षित बचा लेल गेल।

————————————————————————————————

दोसर दिस अररिया मे नगर थाना क्षेत्रक कुसियार गाम लऽग एनएच–सत्तावन पर भेल एक सड़क दूर्घटना में तीन गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि। जखनकि छओ आन गोटे घायल भऽ गेलाह।

————————————————————————————————

मधुबनी जिलाक लदनियां प्रखंड मे फॅर्जी प्रमाण–पत्र पर नोकरी कऽ रहल एक ग्रामीण आवास सहायक अजय कुमार रमन के सेवा समाप्त कऽ देल गेल।

————————————————————————————————

समाप्त भेल